def ndànk du am ci dara lu dul ne dana ko taaral, waaye du ñàkk ci dara it lu dul ne dana ko ñaawal

Jële na ñu ci Aysatu -yal na ko Yàlla dollee gërëm- Soxnas Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «def ndànk du am ci dara lu dul ne dana ko taaral, waaye du ñàkk ci dara it lu dul ne dana ko ñaawal».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral ne def ndànk ak ug nooy ak teey ci wax ak jëf day yokk bir yi ab taar ak ug mat ak rafet, kon yell na boroomam am li mu bëgg. Ñàkk a teey day sikkal bir yi di ko ñaawal tey tere boroomam am la mu bëgg, bu ko amee it ci coono la koy ame.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/5796